**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—07.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधि— 05 मिनट

---

विधानसभा चुनावक दोसर चरणक लेल प्रचार अभियान अपन चरम पर अछि। एनडीए आ महागठबंधनक घटक दल सभक नेता आ स्टार प्रचारक अपन—अपन प्रत्याशी लोकनिक समर्थन मे लगातार चुनावी सभा आ रोड—शो कऽ रहल छथि।

———————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी औरंगाबाद आ कैमूर मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री मोदी राजद आ कांग्रेस पर बिहारक लोक सभ के भ्रमित करबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे राजद अपन घोषणा पत्रक माध्यम सँ असंभव वादा कयलक अछि, मुदा बिहारक जनता हिनकर ई भ्रमित करऽवला बादा के नकारि देताह। प्रधानमंत्री कहलनि जे महागठबंधनक लऽग अपन घोषणा पत्र मे कयल गेल वादा पूरा करबाक लेल कोनो रोडमैप नहि अछि।

———————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केंद्रीय गृहमंत्री अमित शाह जमुई, बिहपुर आ पिरपैंती मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री शाह कहलनि जे कांग्रेस आ राजदक शासनकाल मे बिहारक विकास थम्हि गेल छल। ओ कहलनि जे एनडीए के सरकार बनला पर राज्य के बाढ़ि सँ मुक्ति दियैब सरकारक प्रमुख लक्ष्य होयत आ एहि लेल नव विभागक गठन कयल जायत। श्री शाह पूर्णियां मे एनडीए प्रत्याशी के समर्थन मे एक रोड—शो सेहो कयहलनि। एम्हर, भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा कल्याणपुर आ गोविन्दगंज विधानसभा क्षेत्र सभ मे चुनावी सभा के संबोधित करैत कहलनि जे ई चुनाव बिहार के विकसित राज्यक श्रेणी मे आनबाक लेल निर्णायक साबित होयत।

———————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ढ़ाका, लौरिया आ रक्सौल मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओ कहलनि जे जंगलराज एक बेर फेरो राज्य मे भेष बदलिकऽ अयबाक प्रयास मे लागल अछि, मुदा राज्यक लोक हिनक एहि योजना के सफल नहिं होबऽ देताह। श्री आदित्यनाथ महागठबंधन पर लोकसभ के नोकरी देबाक नाम पर भ्रमित करबाक आरोप लगौलनि।

---

जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पूर्वी चम्पारण आ पश्चिमी चम्पारण जिलाक फराक–फराक विधानसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री कुमार कहलनि जे सत्ता सम्हारलाक बादे सँ ओ बिहारक चहुमुखी विकासक लेल काज कयलनि अछि। ओ लोक सभ सँ विकासक लेल एक बेर फेरो एनडीए उम्मीदवार लोकनिक पक्ष मे मतदानक अपील कयलनि।

---

कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे रोहतासक चेनारी मे एक चुनावी सभा के संबोधित करैत कहलनि जे महागठबंधनक सरकार बनला  पर पलायन पर रोक लागत आ पुरान पेंशन व्यवस्था लागू होयत। एम्हर, कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी अमरपुर आ भागलपुर विधानसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के संबोधित करैत केंद्र आ राज्य सरकारक एनडीए सरकार पर जमिकऽ निशाना साधलनि। श्री गांधी कहलनि जे महागठबंधनक सरकार संवैधानिक मूल्य पर चलत।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव पूर्णियां, अररिया, भागलपुर आ बांका जिलाक फराक–फराक विधानसभा क्षेत्र सभ मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री यादव कहलनि जे हुनक सरकार बनला पर हरेक घर सँ एक व्यक्ति के सरकारी नोकरी देल जयबाक वादा के पूरा कयल जायत। एम्हर, भाकपा माले के राष्ट्रीय महासचिव दीपंकर भट्टाचार्य बेतिया मे महागठबंधन उम्मीदवार लोकनिक पक्ष मे लोक सभ सँ मतदान करबाक अपील कयलनि। सीपीआई, सीपीएम, बहुजन समाज पार्टी आ जनसुराज सहित कतेको राजनीतिक दलक नेता लोकनि अपन–अपन प्रत्याशी लोकनिक समर्थन मे लगातार चुनावी सभा कऽ रहल छथि।

---

बिहार विधानसभा चुनावक पहिल चरण मे ऐतिहासिक मतदान दर्ज कयल गेल। चौंसठि दशमलव छओ–छओ प्रतिशत मतदाता लोकनि अपन मताधिकार के प्रयोग कयलनि जे एखनधरिक एक रिकॉर्ड अछि। पछिला विधानसभा चुनावक तुलना मे सात दशमलव तीन–सात प्रतिशत मतदान बेसी भेल अछि। मुजफ्फरपुर जिला मे सभ सँ बेसी सत्तरि दशमलव नओ–छओ प्रतिशत भोटिंग भेल। ओतहि, सभ सँ कम पटना जिला मे अंठावन दशमलव चारि प्रतिशत मतदाता लोकनि अपन भोट खसौलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आई नव दिल्ली मे राष्ट्रीय गीत वंदे मातरम् के एक सय पचास वर्ष पूरा हेबाक उपलक्ष्य मे एक वर्ष धरि चलऽवला स्मरण उत्सवक उद्घाटन कयलनि। प्रधानमंत्री एहि अवसर पर एक स्मारक डाक टिकट आ सिक्का सेहो जारी कयलनि। ओ वंदे मातरम् वन फाइव जीरो डॉट ईन पोटर्ल सेहो जारी कयलनि। एहि पोर्टल पर सभ लोक राष्ट्रीय गीत गाबैत अपन वीडियो दऽ सकैत छथि आ प्रमाण पत्र प्राप्त कऽ सकैत छथि। नव दिल्ली मे इंदिरा गांधी इंडोर स्टेडियम मे आयोजित समारोह के संबोधित करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे वंदे मातरम् एक मंत्र, एक ऊर्जा, सपना आ संकल्प अछि। ओ एकर सराहना करैत कहलनि जे ई भारत माता के प्रति भक्ति आ श्रद्धा अछि जे हमरा लोकनि के इतिहासक स्मरण करबैत अछि आ वर्तमान के आत्मविश्वास सँ परिपूर्ण करैत अछि। संगहि भविष्य मे एक नव साहस के संचार सेहो करैत अछि। एम्हर, प्रदेश मे एहि अवसर पर कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। पटना स्थित प्रदेश भाजपा कार्यालय मे आयोजित कार्यक्रम मे केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह सम्मिलित भेलाह। ओ वंदे मातरम् के राष्ट्रीय एकता आ अखंडताक प्रतीक जनौलनि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एम एम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।